



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PWOJÈ LWA KI BAY YON PON POTE NON MANM PATWOUY ETA A THOMAS J. CONSORTE**

***Lejislasyon (S.7139/A.07643-A) pral nome echanjè vennsenk nan wout Eta a (State Route Twenty-Five Overpass) nan Otowout Long Island (Long Island Expressway) lan Pon Memoryal "Manm patwouy Thomas J. Consorte"***

Gouvènè Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.7139/A.07643-A) ki dezinye yon pòsyon nan sistèm otowout Eta a Pon Memoryal Trooper Thomas J. Consorte pou onore sèvis ewoyik Manm patwouy Consorte

"Manm patwouy nou yo konsakre lavi yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite, epi nou tout dwe yon dèt rekonesans anvè Thomas J. Consorte pou ewoyis ak sakrifis li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a rann omaj ak yon Nouyòkè ewoyik nan asire li ke eritaj li ap rete vivan pandan plizyè jenerasyon ki ap vini yo".

Manm patwouy Thomas J. Consorte te fèt nan dat 7 mas 1963, nan Oceanside, New York. Apre li te fin gradye nan Comsewogue High School in Port Jefferson Station, New York, li te konplete fòmasyon li an nan Lekòl Debaz Akademi Lapolis Eta New York (New York State Police Academy) la an 1985. Li te premye moun yo te nome nan Twoup K (Troop K), epi yo te transfere li pita nan Twoup L (Troop L) la pou li te kapab pi pre madanm ak pitit gason li a. Moman Manm Patwouy Consorte ki pi resan se te an me 1986, lè li te jwe yon wòl enpòtan nan arestasyon yon moun ki te touye ofisye Suffolk County Police. Li te pèdi lavi li nan dat 23 novanm 1987, nan Riverhead, New York lè yon machin te frape li pandan li te ap jwe wòl lapolis li nan yon aksidan veyikil amotè.

**Senatè Eta New York, Anthony Palumbo, te deklare,** "Dèske yo renome echanjè Wout 25 Otowout Long Island (Route 25 Long Island Expressway) lan pou ba li pote non Manm patwouy Thomas J. Consorte se yon omaj byen merite pou lavi ak karyè yon jèn Manm patwouy pwometè ki te mouri an fonksyon pandan li te ap sèvi kominote li a. Pon yo renome a se alafwa yon temwanyaj pou eritaj li ak pou risk ak danje ineran manm aplikasyon lalwa nou yo ap fè fas lè yo mete inifòm lan. Nou pap kapab fin remèsye gason ak fanm nou yo ki nan aplikasyon lalwa pou travay yo a pou pwoteje ak sèvi kominote nou yo".

**Manm Asanble Jodi Giglio te deklare,** "Nou te pèdi 16 Manm patwouy nan Long Island nan 100 dènye ane ki pase yo pandan yo an fonksyon. Fen Sèvis (End of Watch, EOW) Thomas Consortes ta pral rive nan dat 23/11/1987. Li te sèvi sèlman 2 ane avan machin te frape li sou kote wout la pandan li te ap plase baliz akòz yon aksidan sou yon wout ki gen anpil trafik nan eseye pwoteje sila yo ki te enplike nan aksidan an. Panse nou akonpanye li ak fanmi li pandan moman douloure sa a ap apwoche. Avèk anpil pon, tinèl ak wout ki gen nan Eta a, dezinyasyon sit la kote aksidan an te rive a se yon bagay monimantal".

###

Lèt nouvèl ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418